

## MAIMONIDES MEDICAL CENTER

KOD: FIN-029 (Revize)

DAT: 4 mai 2018

DIFIZE PREMYE FWA: 26 me 2005

### SIJÈ: POLITIK ASISTANS FINANSYÈ SÈVIS SANTE MANTAL POU PASYAN EKSTÈN

#### I. POLITIK

- A. Maimonides Medical Center (“Maimonides” oswa “Lopital la”) fè jefò pou bay bonjan sèvis swen sante bay tout pasyan ki vini nan youn nan etablisman nou yo, menmsi yo pa kapab peye. Politik Asistans Finansyè Sèvis Sante Mantal pou Pasyan ki pa Dòmi Lopital la (“FAP” oswa “Politik la”) sa a mete anplas pwogram asistans finansyè Maimonides pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, ki pèmèt tout pasyan ki pa gen asirans, ki fin resevwa tout benefis asirans sante yo epi yo jije ki elijib pou asistans finansyè konfòmeman ak Politik sa a, pou yo ka jwenn swen sante mantal ki nesesè medikalman gratis oswa avèk yon rabè.
- B. Politik sa a aplike pou tout sèvis sante mantal yo bay pasyan ki elijib. Se Politik FIN-28 (Revize) “Politik pou Asistans Finansyè”, ki etabli chaj pou sèvis sante mantal ann ijans, sèvis sikyatri pou pasyan ki dòmi lopital, sèvis oksilyè ki asosye ansanm ak lòt sèvis medikal.
- C. Pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital ki medikalman nesesè, pasyan ki elijib anba Politik sa a gen ladann pasyan ki pa gen anpil revni ki abite nan youn nan senk (5) distri nan Vil Nouyòk (Konte Kings, Nouyòk, Queens, Richmond ak Bronx) ki pa gen asirans oswa ki deja resevwa tout benefis asirans sante yo. Kritè finansye pou elijibilite ak swen pou yon pri rabè selon Politik sa a dekri annapre an ak nan tablo pri degresif ki tache la a. **Gen yon prezonpsyon kòmkwa pasyan ki gen revni ki mwens pase 300% nivo Povrete Federal elijib pou asistans selon FAP an, sou labaz enfòmasyon ki dekri nan Seksyon III, anba la a.** Asistans finansyè gendwa disponib, apre yo verifye ka pa ka, pou pasyan ki gen asirans ki pa garanti tout depans sèvis yo (pa egzanp, ki “pa asire ase”) oswa ki pa satisfè kritè elijibilite finansyè yo men ki konfwonte ak depans medikal ekstrawòdinè.
- D. Maimonides pibliye FAP li an san restriksyon konfòmeman ak Politik sa a.

Maimonides pran FAP sa a, fòm aplikasyon FAP an ansanm ak yon rezime FAP (“Rezime nan Lagaj Senp”) a ki disponib nan yon paj ki rezève pou Asistans Finansyè sou sit Wèb Maimonides lan (<http://www.maimonidesmed.org/main/FinancialInformation.aspx>) Kopi sou papye dokiman sa yo disponib sou demann ak gratis, nan kourye lapòs ak nan anplasman piblik ki nan Lopital la, ikonpri nan zòn admisyon an ak nan pwen kote yo bay sèvis pou pasyan.

Maimonides notifye epi enfòme pasyan Lopital yo konsènan FAP a: li ofri yon kopi papye Rezime Langaj Senp anndan resepsyon ak anrejistreman an; ikonpri yon avi alekri sou bòdwo yo ki enfòme benefisyè yo gen asistans finansyè ki disponib selon FAP an epi li endike nimewo telefòn Kès Sikyatri/Enskripsiyon an ansanm ak adrès dirèk sit Wèb la kote yo gendwa jwenn kopi FAP a, fòm aplikasyon FAP a ansanm ak Rezime nan Langaj Senp; epi afichaj vizib nan anplasman piblik ki enfòme pasyan yo osijè FAP an nan Lopital la, ikonpri zòn admisyon ak pwen kote yo bay pasyan yo sèvis. Yo pral enfòme pasyan gen pano FAP Maimonides ki ekri nan plizyè lang.

Epitou, y ap tradwi FAP la, fòm aplikasyon FAP an ansanm ak Rezime nan Lang Senp nan lang prensipal popilasyon ki gen Konpetans Limite nan Lang Angle (“LEP”) pale epi Lopital la bay sèvis chak ane, ikonpri lang chak gwoup LEP pale ki konstitye mwens pase 1,000 moun oswa 5 pouzan nan kominote Lopital la bay sèvis oswa popilasyon ki gen chans afekte oswa Lopital la gendwa kontre. Epitou Maimonides pral notifye ak enfòme manm kominote Lopital la bay sèvis ke li ofri asistans finansyè selon yon FAP, ak ki kote pou jwenn plis enfòmasyon ak dokiman ki gen pou wè ak FAP a, yon fason ki pèmèt manm kominote a kapab konprann (ikonpri tradiksyon nan lang ki sible yo).

Pasyan yo ki prezante demann espesifik konsènan asistans finansyè ap resevwa Rezime nan Langaj Senp lan, yo pral mete yo okouran osijè enfòmasyon ki gen pou wè ak sa sou sit Wèb Sant Medikal Maimonides Medical Center lan, epi yo pral voye yo kot yon *Cashier/Registrar* (Kès/Responsab Enskripsiyon). Lè yon moun endike li pito jwenn aksè nan dokiman oswa enfòmasyon konsènan FAP an elektwonikman, Maimonides gendwa bay dokiman oswa enfòmasyon sa yo elektwonikman (ikonpri sou yon ekran elektwonik, nan imèl oswa lè yo bay adrès dirèk sit Wèb oswa URL paj Wèb kote dokiman oswa enfòmasyon yo afiche).

- E. Kòm kondisyon elijibilité, pasyan [ak pou pasyan ki poko gen 18tan, paran (yo) ak / oswa gadyen legal (yo)] dwe prezante dokiman ki nesesè yo pou yo kapab verifye elijibilité pou pwogram asirans ki esponsorize piblikman epi / oswa aplikasyon pou asistans finansyè an epi anjeneral pou yo kowopere nèt ak anplwaye k ap ede yo nan pwosesis aplikasyon ki konsène yo.

Si pasyan yo elijib pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman [pa egzanp, Medicaid, Child Health Plus (“CHP”), Prenatal Care Assistance Program], pasyan yo dwe itilize pwogram sa a pou peye pou tretman yo olye pwogram asistans finansyè Maimonides lan. Si pasyan yo elijib pou asirans nan Marketplace ki etabli anba Lwa sou Swen ki Ekonomik (*Affordable Care Act*), pasyan yo dwe itilize asirans yo jwen nan Marketplace pou garanti tretman yo olye pwogram asistans finansyè Maimonides lan.

- F. Pasyan ki gen asirans komèsyal oswa ak HMO ki pa aksepte nan Maimonides Medical Center pa elijib pou asistans finansyè, eksepte si pasyan an fin resevwa tout benefis asirans li kapab bay.

- G. Asistans finansyè gendwa disponib, jan yo pral deside ka-pa-ka, pou ko-peman ak dediktib pou pasyan ki pa satisfè kritè elijibilite finansyè yo men ki konfwonte ak kokennchenn depans medikal.
- H. Politik sa a pa garanti sa ki annapre a:
- Atik ki pa nesesè medikalman;
  - Atik ki pa bay okenn benefis klinik oswa terapètik; epi
  - Sèvis Lopital la pa faktire (pa eganp, sèvis anestezi ak sèvis pwofesyonèl doktè bay), apa sèvis antite ki asosye etwatman ak Lopital ofri, jan ekspresyon sa a defini selon règlemantasyon federal.

Anèks B nan Politik sa a etabli lis tout founisè ki bay swen ijans oswa lòt swen ki medikalman nesesè nan Lopital la FAP a garanti, ansanm ak sa FAP a pa garanti.

## **II. RESPONSABILITE**

- A. *Moun nan Kès/ki fè Enskripsiyon [Cashier/Registrars] (Sikyatri)* responsab pou jwenn Fòm Aplikasyon FAP yo ansanm ak prèv revni pasyan yo.
- B. *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* pral egzamine aplikasyon an epi li pral fikse chaj ki konvnab la.
- C. 1ye Vis Prezidan pou Finans, Direktè Ranbousman an pral responsab egzamine kèlkeswa kontestasyon alekri desizyon *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* an.

## **III. PWOSEDI YO**

### **1. Pwosedj Jeneral pou Aplikasyon**

Pou kapab jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon FAP an, aplike pou asistans finansyè oswa pou jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon FAP a, se pou w aplike pou asistans finansyè anba oswa pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan FAP an, yon moun gendwa kontakte Kès/Enskripsiyon Sikyatri nan (718) 283-8177, ki sitye nan 920 48th Street, Brooklyn, NY 11219.

- A. Lè yon moun mande asistans finansyè, yo pral voye li al jwenn yon *Moun ki responsab Kès/Enskripsiyon* pou yo egzmine doye li. *Moun nan Kès/Enskripsiyon:*
1. Pral diskite divès altènativ ki disponib pou pasyan an [pa egzanp: pwogram asirans ki esponsorize piblikman, antant pou peye piti pa piti, rabè, lis pri degresif, swen gratis] ki baze sou enfòmasyon yo resevwa.
  2. Nan sikontans ki apwopriye:
    - (a) li pral ranpli yon aplikasyon Medicaid epi voye 1 ba Depatman Sèvis

Sosyal Lokal oswa nan Marketplace pou kont pasyan an; oswa (b) li pral refere pasyan an opre biwo Medicaid lokal ki apwopriye an oswa Navigatè a pou li ka ranpli yon aplikasyon CHP.

3. Li pral evalye si pasyan an gendwa elijib pou lòt rabè epi/oswa finansman ki gendwa disponib grasa sibvansyon oswa pwogram espesyal nan Maimonides Medical Center ki apa pwogram asistans fiansyè jeneral la.
  4. Si sa konvnab, bay aplikan an yon aplikasyon FAP pou li ranpli li. Si aplikan an fè demann lan, *Moun ki responsab Kès/Enskripsyon* pral bay pasyan yo asistans konsènan konpreyansyon politik asistans finansyè yo epi li pral ranpli aplikasyon an pou yo pandan yon entèvyou fas-a-fas, si pasyan yo fè demann lan.
- B. Yo pral tradwi fòm aplikasyon FAP yo, konfòmeman ak Seksyon I, ki anlè a. Epitou, sèvis tradiksyon yo ap disponib bay tout pasyan yo ki bezwen sèvis sa yo pou yo kapab jwenn aksè nan asistans finansyè nan Maimonides. Anplwaye Lopital la pral jwenn aksè nan sèvis tradiksyon konfòmeman ak AD-120 Sèvis Tradiksyon ak Entèprèt.
- C. Fòm aplikasyon FAP yo pral gen ladann yon avi bay pasyan yo ki eslike depi yo voye yon aplikasyon ki byen ranpli, ikonpri kèleswa enfòmasyon oswa dokiman yo bezwen pou verifye elijibilite pasyan an anba Politik la, pasyan an gendwa pa okipe tout bòdwo li resevwa jiskaske Maimonides te pran yon desizyon konsènan aplikasyon an.
- D. Pasyan yo otorize aplike pou asistans finansyè pandan owmens 240 jou apatide dat premye bòdwo apre yo te egzeyate li rive nan men li. (Al gade FIN-55, Politik Bòdwo ak Kolèk Dèt pou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan delè pou aplike yo). Yo gendwa voye Demann pou anile kondisyon sa yo bay Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri) pou li kapab egzamine yo
- E. Pasyan yo p ap elijib pou asistans finansyè si yo [oswa pasyan ki poko gen 18tan, paran (yo) epi / oswa gadyen legal (yo)] bay move enfòmasyon pandan pwosesis aplikasyon an.

## 2. *Kritè Elijibilite pou Asistans Finansyè*

- A. Montan chaj maksimal yo gen dwa faktire yon pasyan ki resevwa sèvis ijans oswa lòt swen sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital epi ki medikalman nesesè Lopital la, epi ki elijib pou asistans finansyè selon FAP sa a rele Montan ki Faktire Jeneralman (“AGB”). Pou sèvis sante mantal pou pasyan ki pa dòmi lopital, Maimonides fikse AGB an nan nivo montan jiskatal Medicaid ta otorize an. Konfòmeman ak lis pri chaj ak diskont ki dekri nan Anèks A, diskont yo ofri pasyan ki elijib pou FAP selon FAP an egal oswa mwens pase AGB an. Apre desizyon pou elijibilite FAP an, yo pa gen dwa faktire yon moun ki elijib pou FAP plis pase AGB an pou swen ki nesesè medikalman oswa pou swen ijan.

B. Jan yo te dekri li annapre pibyen toujou, elijibilite baze sou enfòmasyon ki annapre yo:

- Kote moun lan abite;
- Revni anyèl anvan taks;
- Gwosè fanmi a.

Yo pral itilize enfòmasyon ki make sou aplikasyon pasyan an pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman pou chèche jwenn done sa yo. Si li pa t janm fè okenn aplikasyon pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman oswa si aplikasyon an pa disponib, se pasyan an ki dwe prezante enfòmasyon ki nesesè yo pou verifye kimoun ki elijib pou asistans. Si gen enfòmason obligatwa ki manke, yo pral avèti pasyan yo fas-a-fas, nan telefòn oswa nan kourye lapòs pou di yo ki enfòmasyon ki manke.

C. Yon *Responsab Kès/Enskripsiyon (Cashier/Registrar)* pral aksepte aplikasyon ki tou ranpli a ansanm ak dokiman ki kore aplikasyon an nan men pasyan an epi lipra voye l ba *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* ki pral fikse chaj ki apwopriye an sou labaz kritè ki etabli (ki dekri annapre a nan lis pri degresif ki genyen koulye an ki make nan Anèks Politik sa a) epi fè kalkil sa a graa Fèy Travay Kalkil Chaj.

D. Kritè pou kalkile chaj la gen ladann analiz “Gwosè Fanmi” ak “Revni” pasyan an grasa lis pri degresif ki anplas koulye an.

- **Gwosè Fanmi a.** Si pasyan an se yon adilt, yo kalkile gwosè fanmi pasyan an lè yo ajoute pasyan an, madan oswa mari li (si genyen epi si lòt moun sa a rete nan menm kay ak pasyan an) epi kèlkeswa depandan (moun pasyan an oswa konjwen li an responsab finansyèman). Si pasyan an se yon timoun, yo kalkile gwosè fanmi pasyan an lè yo ajoute pasyan an, paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay avèk li, ansanm ak kèlkeswa moun ki anba responsabilite paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay ak pasyan an (apa pasyan an). Yon fanm ki gwòs konte pou de (2) moun nan fanmi a.
- **Revni Anyèl Anvan Taks.** Si pasyan an se yon adilt, revni anyèl anvan taks fanmi a se sòm revni pasyan ak konjwen pasyan an mete ansanm (si genyen epi si li rete nan menm kay avèk pasyan an). Si pasyan an poko gen 18tan, revni anyèl anvan taks fanmi a se revni paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay ak pasyan an. Revni an baze sou kalkil kat (4) dènye semèn salè anvan dat sèvis la.
- Revni anyèl anvan taks se total sous revni ki annapre yo, jan sa endike nan dokimantasyon pou aplike pou FAP:
  1. Salè/Lajan ki touche anvan Dediksyon. Si pasyan an pa fè okenn aplikasyon pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman oswa

si aplikasyon an pa disponib, pasyan dwe prezante bout chèk pou kat (4) semèn ki sot pase yo, yo pral itilize pou evalye salè/lajan pasyan an touche pou ane sivil sa a.

2. Asistans Leta.
3. Benefis Sosyal Sekiriti.
4. Konpansasyon pou Chomaj ak pou Travayè.
5. Benefis pou Veteran.
6. Pansyon alimantè/Sipò pou Timoun.
7. Lòt Sipò Finansyè.
8. Pension Payments.
9. Insurance or Annuity Payments.
10. Dividann / Enterè.
11. Revni Lwaye.
12. Revni Antrepriz Nèt (si pasyan an yon travayè endepandan, se pou yon sous endepandan verifye l).
13. Lòt (benefis grèv, sibvansyon pou fòmasyon, alokasyon pou fanmi militè, revni nan patrimwan ak twòs).

Yo ta dwe kalkile sous revni a lè yo ajoute montan yo touche vreman, par opozisyon ak montan moun lan gen dwa resevwa men yo p ap peye li (pa egzanp, lè èks-madan oswa èks-mari yon pasyan pa peye sipò pou timoun, oswa y ap goumen pou peman asirans oswa pansyon retrèt).

Se pou *Responsab Kès/Enskripsyon* voye dokiman ki ranpli nèt, ikonpri yon aplikasyon ki byen ranpli ansanm ak tout dokiman ki kore aplikasyon an ba ba *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)*.

30 jou oplita apre yo resevwa aplikasyon ki fin ranpli pou asistans finansyè ansanm ak tout dokiman ki nesesè yo, *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* pral notifye pasyan an alekri si yo te apwouve oswa refize aplikasyon pou asistans finansyè an.

### **3. Pwosesis pou Egzamen Aplikasyon ak Kontestasyon yo**

- A. Si yo te apwouve aplikasyon an, yo pral notifye pasyan an konsènan pou santaj rabè pouki li elijib epi yo pral bay li esplikasyon detaye sou montan li dwe yo. Si yo refize aplikasyon an, notifikasyon alekri a pral dekri kijan pou konteste refi a epi li pral gen ladann enfòmasyon sou fason pou kontakte Depatman Sante a. Notifikasyon refi FAP a dwe detaye tou rezon ki jistifye refi a. Nan sityasyon kote yo òganize yon entèvyou fas-a-fas, yo enfòme pasyan yo touswit lè yo apwouve aplikasyon an ansanm ak montan rabè pasyan an pral resevwa oswa si yo refize aplikasyon an. Nan sityasyon sa yo, yo pral voye nan lapòs avi alekri kay pasyan an. Tout dokiman ikonpri aplikasyon an ansanm ak tout bagay ki kore aplikasyon an ap rete nan dosye ki nan biwo *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* oswa moun li deziyen an.

- B. Yo kapab konteste desizyon *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* alekri oswa fas-a-fas, sou randevou, opre *Direktè Ranbousman*. Se pou yo voye kontestasyon alekri yo nan adrès sa a:

Director of Reimbursement  
Maimonides Medical Center  
4802 Tenth Avenue  
Brooklyn, N.Y. 11219

- C. *Direktè Ranbousman* an pral egzamine kontestasyon yo epi swa li pral rekòmande pou *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* egzamine demann lan yon lòt fwa oswa li p ap apwouve l. Si yo rekòmande pou revwa demann kontestasyon an, *Direktè Ranbousman* an pral pale ak *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* an epi desizyon yo pral pran an final. *Direktè Ranbousman* an pral fè sa li kapab pou pran desizyon konsènan kontestasyon yo 10 jou ouvrab oplita apre li resevwa kontestasyon yon pasyan [pa egzanp: apre li resevwa yon lèt oswa yon kontestasyon fas-a-fas]. *Direktè Ranbousman* pral enfòme *Responsab Kès/Enskripsyon* an ansanm ak pasyan an alekri konsènan chaj ki apwopriye an, epi si yo te refize demann lan, *Direktè Ranbousman* an pral notifye *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* ansanm ak pasyan an konsènan refi a.
- D. Chaj ki aplikab la pral valab jiska 15 avril nan chak ane, apre dat sa a pasyan an dwe refè yon demann.
- E. *Responsab Kès/Enskripsyon* an p ap aksepte pran resi vizit yo pou mwens pase tout chaj la nèt jiskaske yo fikse yon chaj redwi konfòmeman ak Politik la.
- F. Si pasyan yo fè demann la, pasyan k ap resevwa asistans finansyè ap gen posibilité pou jwenn yon antant pou peye piti pa piti san enterè. Peman mansyèl la pa ka plis pase 10% revni mansyèl brit pasyan an. Yo p ap faktire enterè sou balans ki pa peye a sizoka pasyan an ta manke yon peman. Sizoka gen yon peman ki manke, yo p ap akselere peman yo.

#### **IV. POLITIK SEPARE POU FAKTIRASYON AK KOLEK LAJAN**

Aksyon Maimonides gendwa pran sizoka li pa resevwa lajan yo dwe li dekri nan Politik Separe sou Faktirasyon ak Kolèk Lajan (*Billing and Collections Policy - FIN-55*). Politik sa a disponib sou yon paj Asistans Finansyè ki rezève sou sit Web Maimonides nan (<http://www.maimonidesmed.org/main/FinancialInformation.aspx>). W ap jwenn kopí papye ki disponib sou demann ak gratis, nan lapòs ak nan anplasman piblik nan tout Lopital la, ikonpri nan Sal Ijans, nan zòn resepsyon an ak nan pwen kote yo bay pasyan sèvis.

#### **V. AKSÈ NAN SWEN MEDIKAL IJAN**

P ap gen okenn diskriminasyon nan jan yo fè egzamen medikal ak tretman estabilizasyon ki nesesè kont moun ki elijib pou asistans finansyè selon politik sa a. Al gade FIN-34 EMTALA – Politik sou Egzamen Medikal ak Estabilizasyon. Maimonides bay tout moun san patipri swen pou pwoblèm sante nan ka ijans, san li pa gade si yo elijib pou asistans

finansyè selon FAP sa a. Al gade FIN-34 EMTALA – Politik sou Egzamen Medikal ak Estabilizasyon.

## **VI. EVALYASYON KONFÒMITE AK LALWA**

Depatman Odit Entèn pral evalye konfòmite an ak Lwa Asistans Finansyè an ak politik sa a omwens yon fwa pa ane. Yo pral pataje rezulta odit sa a ak SVP an pou Kont Pasyan yo, 1ye Vis-Prezidan (SVP), Finans (Sèvis Finansye) Vis-Prezidan Egzekitif (EVP) an pou Zafè Jiridik yo ak Ofisyé Konfòmite an.

## **VII. KONTWÒL YO**

- A. Tout anplwaye ki an kontak ak pasyan yo oswa ki gen responsabilite pou etabli bòdwo ak pou kolekte lajan pral resevwa yon kopi Politik sa a epi y ap resevwa fòmasyon konsènan pwosedi ki apwopriye pou pwogram asistans finansyè an. Yo pral notifye anplwaye yo detanzantan lè gen rabè oswa finansman anplis ki gendwa disponib grasa sibvansyon oswa pwogram espesyal ki apa pwogram asistans finansyè jeneral la. Si anplwaye yon bezwen plis enfòmasyon osijè Politik sa a, se pou yo kontakte *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* nan (718) 283-8177.
- B. *Direktè, Operasyon Finansyè (Sikyatri)* dwe egzamine detanzantan fichye mèt (prensipal) ak kont yo pou pou wè si yo respekte pwotokòl asistans finansyè ki dekri nan Politik sa a.
- C. 1ye Vis Prezidan Finans, Direktè Ranbousman an pral mande Responsab Depatman ki apwopriye yo pou yo egzamine pwotokòl asistans finansyè ki etabli nan Politik sa a pandan depi yo apwouve chanjman oswa ajans règlemantè yo mande yo fè chanjman.

Kenneth D. Gibbs  
Prezidan ak Direktè Jeneral

REFERANS	Politik Asistans Finansyè FIN-28 (Revize) PHL 2807-k(9 ak 9-a) Chè Administratè Lèt ki date 15 fevriye 2007 Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Ekonomik §9007(a) (23 mas 2010) (Ki ajoute 501(r) nan IRC); FIN-34 EMTALA - Politik sou Egzamen Medikal ak Estabilizasyon; Chè Administratè Lèt ki date 15 novanm 2013 26 C.F.R. 1.501(r)-1, 1.501(r)-4 - 1.501(r)-6
ENDÈKS	:Asistans Finansyè
DEPATMAN KI KREYE DOKIMAN AN	:Sikyatri
ANÈKS:	Tablo Lis Pri Degresif

**Pwogram Asistans Finansyè pou Sikyatri**  
**Tablo Lis Pri Degresif pou 2018**

Chaj pa vizit pou Pasyan Ekstèn	Medicaid	\$0.00	\$10.00	\$15.00	\$20.00	\$35.00	\$40.00	\$45.00	\$50.00	\$75.00	\$95.00	\$110.00	Foul
Chaj Preskripsyon ak Lab pou chak Preskripsyon oswa Tès **	Elijib *	\$20.00	\$20.00	\$20.00	\$20.00	\$25.00	\$30.00	Foul	Foul	Foul	Foul	Foul	Foul
Pousantaj Povrete		100%	125%	150%	175%	200%	214%	228%	243%	257%	272%	286%	300%
Gwosè Fanmi a	0	12,141	15,176	18,211	21,246	24,281	29,389	34,497	39,605	44,677	49,785	54,893	60,001
1	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	12,140	15,175	18,210	21,245	24,280	29,388	34,496	39,604	44,676	49,784	54,892	60,000	
	0	16,461	20,576	24,691	28,806	32,921	37,651	42,382	47,112	51,810	56,540	61,271	66,001
2	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	16,460	20,575	24,690	28,805	32,920	37,650	42,381	47,111	51,809	56,539	61,270	66,000	
	0	20,781	25,976	31,171	36,366	41,561	45,771	49,981	54,191	58,371	62,581	66,791	71,001
3	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	20,780	25,975	31,170	36,365	41,560	45,770	49,980	54,190	58,370	62,580	66,790	71,000	
	0	25,101	31,376	37,651	43,926	50,201	53,890	57,580	61,269	64,933	68,622	72,312	76,001
4	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	25,100	31,375	37,650	43,925	50,200	53,889	57,579	61,268	64,932	68,621	72,311	76,000	
	0	29,421	36,776	44,131	51,486	58,841	62,010	65,179	68,348	71,494	74,663	77,832	81,001
5	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	29,420	36,775	44,130	51,485	58,840	62,009	65,178	68,347	71,493	74,662	77,831	81,000	
	0	33,741	42,176	50,611	59,046	67,481	70,129	72,778	75,426	78,056	80,704	83,353	86,001
6	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	33,740	42,175	50,610	59,045	67,480	70,128	72,777	75,425	78,055	80,703	83,352	86,000	
	0	38,061	47,576	57,091	66,606	76,121	78,392	80,663	82,934	85,188	87,459	89,730	92,001
7	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	38,060	47,575	57,090	66,605	76,120	78,391	80,662	82,933	85,187	87,458	89,729	92,000	
	0	42,381	52,976	63,571	74,166	84,761	86,511	88,262	90,012	91,750	93,500	95,251	97,001
8 ***	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	jiska	pi wo
	42,380	52,975	63,570	74,165	84,760	86,510	88,261	90,011	91,749	93,499	95,250	97,000	

\*Pasyan nan kategori sa a elijib pou Medicaid; si yo pa sou Medicaid, yo ta dwe mande asistans pou fè aplikasyon.

\*\*Direktè Ranbousman an gendwa teni kont de sikostans adisyonèl nan sityayson kote gen plizyè Radiografi oswa tès laboratwa.

\*\* Pasyan ki elijib pou Medicare Pati D pa elijib pou yon diskont pou Preskripsyon.

\*\*\*Pou chak manm fanmi anplis, ajoute \$4,320 sou nimewo debaz la.

Tout pasyan yo dwe peye to ki endike yo.

Nan ka endividyèl kote pasyan an di li gen difikilte espesyal pou fè peman yo, se pou yo voye aplikasyon ak dokiman yo ki konplè ba Direktè Ranbousman oswa moun li deziyen an.

